

Konnen Dwa Ou Yo

LEGAL

ANVAN, PANDAN AK APRE GWOSÈS OU... E PLI DEVAN

OU GEN DWA POU...



JWENN EPI RESEVWA BON JAN KALITE SWEN SANTE
anvan ou tonbe ansent, pandan gwosès ou, epi pandan 12 mwa apre ou akouche.



RESEVWA SWEN AK TRETMAN PRENATAL NAN DIYITE AK RESPÈ
ki kenbe konfidansyalite ou, ki pa gen okenn mal, e ki bay valè a preferans kiltirèl ou.



GEYEN YON PLAN POU AKOUCHMAN OU
chwazi yon doula oswa yon moun pou sipòte ou, epi ou ka di NON si ou pa vle sèten entèvansyon medikal ki pa ijan.




PRAN DESIZYON NAN TÈT ANSANM

lè w poze doktè w la kesyon, fòk ou santi y ap tande w, epi fòk yo adrese enkyetid ou yo.



BAY KONSANTMAN BAZE SOU ENFÒMASYON

ou gen dwa konnen poukisa w ap fè egzamen medikal tankou tès pipi ak tès san, epi poukisa yo fè rekòmandasyon pou kèk pwosedi ak/oswa medikaman.



YO REPONN KESYON OU NAN LANG OU PI PITO

ak bon jan kalite entèpretasyon jan sa nesesè.



JWENN RESOUS AK SIPÒ SOSYAL

ki disponib nan kominote w la, tankou aksè a enfòmasyon ak konsèy si w gen depresyon oswa si ou pèdi yon gwosès.



Kijan Pou Fè Vwa Mwen Tande Kesyon pou m poze doktè m nan

Anvan, pandan, apre gwosès...AK PI LWEEN

Èske ou ka eksplike sa pou mwen yon lòt jan?

Èske gen yon rezon pou mwen enkyete?

Ki lòt opsyon mwen genyen?

Èske se yon desizyon ki bezwen pran imedyatman?
Èske m ka gen yon ti moman pou m reflechi sou sa?

Èske sa nesesè? Èske ou ka montre m poukisa?

*Men kote mwen ka mande yon dezyèm opinyon

Nòt pou tèt mwen:

Ekri kesyon mwen genyen anvan randevou mwen an.

Se yon bon lide pou m mennen yon moun mwen fè konfyans—tankou yon manm fanmi oswa yon zanmi—nan randevou mwen yo. Yo ka ede m sonje sa doktè a di epi poze kesyon mwen ta ka bliye. Lè m gen yon moun avè m, sa ka fè m santi m pi alèz epi ede m konprann tout bagay pi byen.

